**दिन– रविवार** **दिनांक–12.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी भारत के दू हजार सैंतालीस धरि विकसित राष्ट्र बनेबाक लेल अपन योगदान सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि अछि। आइ राष्ट्रीय युवा दिवसक अवसर पर नव दिल्लीक भारत मंडपम मे विकसित भारत युवा नेता संवाद कार्यक्रम के संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे आबयवला समय युवा लोकनिक थिक, आ आर्थिक क्षेत्र मे सेहो हुनक प्रमुख योगदान रहत। प्रधानमंत्री आर्थिक विशेषज्ञक अनुमानक उल्लेख करैत कहलनि जे आबयवला समय मे देशक सकल घरेलू उत्पाद जीडीपी मे युवाक पैघ योगदान होयत। कार्यक्रम मे प्रधानमंत्री देश भरिक तीन हजार युवा नेताक संग संवाद कयलनि। एहि अवसर पर श्री मोदी प्रतिभागीक दिस सँ दस विषय पर लिखल गेल उत्कृष्ट निबंधक एक संकलनक विमोचन सेहो कयलनि। विकसित भारत संवाद, युवा लोकनि के देशक भविष्यक विषय मे अपन विचार सँ नीति निर्माता आ राष्ट्रीय तथा अंतर्राष्ट्रीय विभूति लोकनि के सीधा अवगत करेबाक अवसर प्रदान करैत अछि।

---

प्रत्येक वर्ष बारह जनवरी के महान आध्यात्मिक गुरू, दार्शनिक आ चिंतक स्वामी विवेकानंदक जयंती के युवा दिवसक रूप मे मनाओल जाइत अछि। राष्ट्रपति, उपराष्ट्रपति आ प्रधानमंत्री स्वामी विवेकानंद के हुनक जयंती पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान कहलनि जे स्वामी विवेकानंद सनातन संस्कृति आ भारतीय अध्यात्म के वैश्विक पटल पर स्थापित कयलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे सकरात्मकता आ नव ऊर्जा सँ भरल युवा पीढ़ी बिहार के विकासक पथ पर आगा लऽ जायत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक क्रम मे मधुबनी जिलाक खुटौना प्रखंडक दुर्गीपट्टी मे एक हजार करोड़ सँ बेसीक विभिन्न योजनाक लोकार्पण आ शिलान्यास कयलनि। मुख्यमंत्री आंगनबाड़ी केन्द्र, महादलित दालान, हर घर नल का जल आ सोलर

स्ट्रीट लाईट सहित विभिन्न स्टॉलक निरीक्षण कयलनि। श्री कुमार पुरान कमलाधार, जीवछ नदी आ पुरान कमला नदी के पुनर्जीवित करबाक आ एहि सँ सिंचाईक सुविधा बढ़ेबाक योजनाक लोकार्पण कयलनि। एहि सँ मधुबनी जिलाक खजौली, मधुबनी, राजनगर आ रहिकाक संग दरभंगा जिलाक केवटी, बेनीपुर, बिरौल आ कुशेश्वर स्थान प्रखंड के लाभ पहुँचत। ग्रामीण क्षेत्र मे जलक उपलब्धता बढ़ाबय सँ मखान, सिंघाड़ा आ माछक उत्पादन मे वृद्धि होयत। मुख्यमंत्री मधुबनी जिलाक अररिया संग्राम मे रिवर फ्रंटक उद्घाटन सेहो कयलनि। ओ मधुबनी मे अंतर्राज्यीय बस अड्डाक निर्माण, मधुबनी मे हवाई अड्डा के छोट विमान लेल उड़ान योजना मे सम्मिलित करबाक, फुलहर स्थान के पर्यटन स्थलक रूप मे विकसित करबाक, जयनगर मे शहीद चौक लऽग आरओबीक निर्माण कराओल जयबाक घोषणा सेहो कयलनि। कार्यक्रम मे मुख्यमंत्रीक संग उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————

आस्था आ मानवताक सभ सँ पैघ संगम महाकुंभक शुभारंभ काल्हि उत्तर प्रदेशक प्रयागराज मे होयत। एहि भव्य आयोजन मे सम्मिलित होबयवला श्रद्धालु लोकनि लेल सभ आवश्यक तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। महाकुंभ मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु लोकनि पहुँचऽ लागल छथि। संस्कृति मंत्रालय प्रयागराज मे कलाग्राम बनौलक अछि जे देशक समृद्ध आ जीवंत संस्कृति के प्रदर्शित करत।

———————————————————

पटना स्थित भाजपाक प्रदेश कार्यालय मे आइ एक देश– एक चुनावक संबंध मे परिचार्चाक आयोजन कयल गेल। एकर अध्यक्षता करैत पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे ई विधेयक देशक हित मे अछि।

———————————————————

पूर्णियां सांसद पप्पु यादव द्वारा आइ बीपीएससी मुदा पर विरोध प्रदर्शन आ बिहार बंद करबाक लेल तोड़–फोड़ हंगामाक आरोप मे पंद्रह सहयोगीक संग हुनका पर पटना मे एफ आइ आर दर्ज कराओल गेल अछि।

———————————————————

प्रदेश मे पछवा हवाक प्रभाव कम हेबाक कारणे अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि, जाहि सँ लोक के भीषण ठंढ़ा सँ राहत भेटल अछि। मौसम विभागक अनुसार अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक पश्चिम आ उत्तर मध्य भागक अधिकांश क्षेत्र मे सवेर

मे घनगर कुहेस लगबाक संभावना अछि। जखनकि शेष भाग मे आंशिक अथवा मध्यम स्तरक कुहेस लागत।

———————————————————————

सहरसा जिलाक सोनवर्षा थाना क्षेत्रक परमीनिया दूधेला ढ़ाला लऽग किछु अपराधी एक निजी फाइनेंस कर्मी सँ हथियारक बल पर डेढ़ लाख टाका लूटि लेलक। पुलिस अपराधीक गिरफ्तारी लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

सुपौल स्थित इंजीनियरिंग कॉलेज मे आयोजित चारि दिवसीय कोसी कमिश्नरी उमंग दू हजार पच्चीसक सफल आयोजन समाप्त भेल।

———————————————————————

समाप्त